

Yon Nòt ki soti nan Lidèchip REPRIEVE: Patnè ki nan REPRIEVE yo

Nou vle di w mèsè yon fwa ankò dèske w te patisipe nan Esè klinik REPRIEVE la! Devouman ak angajman patisipan REPRIEVE ki kwè toutbon vre ke jwenn repons sou maladi kè ak VIH se yon efò nou dwe fè, te enpresyone nou anpil. Pou nou rive atenn objektif enskripsyon nou an, anplwaye devwe nou yo ki nan Clinical Coordinating Center nan Massachusetts General Hospital ki nan Boston, MA, USA epi chak grenn nan 120 lokal klinik nou yo ki enskri nan REPRIEVE, pral travay di anpil pou l fè moun nan kominote w la konn kisa pwogram REPRIEVE la ye. Tanpri kontinye fè tout sa w kapab pou w mete kèlkeswa moun ou panse ki enterese nan REPRIEVE okouran de etid la. Nou kontan e nou apresye kolaborasyon w nan ede nou fè moun konnen kisa REPRIEVE ye!

Byennantandi, lè w rete aktif nan REPRIEVE sa gen menm enpòtans ak lè w patisipe ladann pou premye fwa. Chak grenn nan nou ap pote yon kontribisyon ki enpòtan anpil nan etid sa a. Enfòmasyon w ap bay la ka valab pou sante w menm jan ak sante anpil lòt moun k ap viv ak VIH la. Lè y ap etidye tout patisipan ki rantre epi rete nan esè klinik la, anketè yo ap kapab pote konklizyon ki egzakt pa sèlman sou sante kè a men tou sou diferans espesifik ki genyen ant sèks yo nan maladi kè moun ki gen VIH genyen ak efè pitavastatin yo pou prezève sante ren ak fonksyon misk yo. Nou ka jwenn enfòmasyon ki enpòtan nan konklizyon sa yo pou moun k ap viv ak VIH ansanm ak lòt jenerasyon k ap vini yo. Nou apresye tout patisipan nan REPRIEVE yo epi nou espere ou pral kontinye patisipe avèk nou pandan tout tan etid la ap dire a.

Nou di w mèsè ankò dèske w te devwe w nan efò enpòtan sa a!

Steven Grinspoon, MD
Massachusetts General Hospital
Asistan Anketè Prensipal
Esè klinik REPRIEVE

Pamela Douglas, MD
Duke University
Asistan Anketè Prensipal
Esè klinik REPRIEVE


Suiv tout dènye enfòmasyon sou REPRIEVE yo

 www.facebook.com/reprietrial

 www.twitter.com/reprietrial

Rankontre ak lòt patisipan REPRIEVE yo

Patisipan REPRIEVE yo se moun ki gen anpil motivasyon k ap fòme avni pou prevansyon maladi kè pou moun ki gen VIH yo. Li sou eksperyans aktyèl patisipan yo pandan esè klinik la.



“Patisipasyon nan REPRIEVE enpòtan, pa sèlman pou mwen men li enpòtan pou lòt patisipan yo paske sa ede lasyans jwenn nouvo mwayen pou amelyore kalite vi nou” - Aginaldo da Silva Santos, HGNI HIV Family Care Clinic, Rio de Janeiro, Brazil

“Anvan m te patisipe nan etid sa a, mwen te konsantre m sèlman sou enfeksyon VIH mwen an. **Depi m kòmanse patisipe nan etid sa a, mwen plis sousye m sou sante jeneral mwen.** Pandan nan etid sa a, mwen renmen resevwa enfòmasyon sou sante atravè sitwèb ak bilten REPRIEVE la. Sa vin banm plis opòtinite pou jwenn enfòmasyon sou sante.” - Patisipan nan Thai Red Cross CRS, Bangkok, Thailand

“Etid sa a, enteresan anpil epi mwen panse **etid la pral pèmèt yo bay pasyan ak lòt moun ki enfekte yo swen alavni.** Si rezilta etid la bon, yo ka itilize l pou anpeche lòt pasyan gen maladi kadyovaskilè. Lè m te vin patisipe nan etid sa a, mwen te atann aske pandan etid la pou yo fè dyagnostik pou mwen epi verifiye si m pa gen maladi kadyovaskilè paske m pa t jann fè egzamen pou maladi sa a ni mwen pa t janm konn anyen de maladi a ditou. Nou pa dwe tann nou gen maladi a pou n jwenn tretman pou li. Mwen panse li pi bon pou fè prevansyon pase pou fè tretman.” - Patisipan nan CMU HIV Treatment CRS, Chiang Mai, Thailand



Follow YOUR Heart

Blòg My Heart Matters (Sante Kè M Enpòtan)

Kanpay Follow YOUR Heart (Swiv Kè W) la envite w li dènye piblikasyon blòg My Heart Matters la, *“Women Supporting Women in the Community” (Fanm k ap Sipòte Fanm nan Kominote a)*. Li eksplike poukisa òganizasyon kominotè VIH yo bay fanm avantaj ak kijan fanm yo ka jwenn òganizasyon kominotè VIH ki tou pre yo.

Blòg My Heart Matters se yon gwo resous pou fanm ki gen VIH ki entèrese pou jwenn enfòmasyon sou sante kè, kijan pou patisipe nan rechèch ak esè klinik REPRIEVE la. Yo mete blòg la ajou chak de mwa epi w ka ale sou li nan www.followyourheart.reprieve-trial.org/news/

Kesyon Moun Poze Souvan

K: Depi dènye vizit pou etid mwen an yo te konsilte m nan Sal Dijans (ER) poutèt toudisman. Mwen pa konn kisa ki te lanrapò ak sa. Èske m ta dwe fè anplwaye REPRIEVE yo konn sa nan pwochen vizit mwen pou REPRIEVE?

R: **Wi!** Nan REPRIEVE, nou kolekte enfòmasyon nan men w konsènan evènman sou maladi kè, tankou kriz kadyak oswa estwòk, nan prèske tout vizit; **enfòmasyon sa a, pral fè nou konnen si statin yo itilize nan REPRIEVE la mache defason efikas.** Selon sa w di nou pandan vizit etid ou a, epi avèk pèmisyon ou, anplwaye REPRIEVE yo jwenn enfòmasyon pou konfime kèk nan pwoblèm medikal ou ka rapòte pandan w ap patisipe nan REPRIEVE.

Li enpòtan pandan yon vizit etid la pou di si yon pwofesyonèl swen sante te di w ke w te sibi yon evènman maladi kè, tankou kriz kadyak, estwòk, doulè nan pwatrin oswa nenpòt ospitalizasyon pou nou ka jwenn detay anplis konsènan dyagnostik sa yo.

Èske w te konnen ke REPRIEVE gen pwòp Konsèy Konsiltatif Kominotè pa l?

W ap jwenn plis enfòmasyon nan www.reprieve-trial.org/join-the-study-test/cab/

Enfòmasyon sou REPRIEVE

N ap selebre 3yèm ane REPRIEVE!



Gwo travay nou te reyalize nan ane ki sot pase a gen ladan l:

- Louvèti lokal anplis nan peyi End, Pewou, Ayiti, Ouganda. Aktyèlman, nou gen lokal nan 11 peyi atravè mond lan.
- Plis pase 5950 moun te patisipe jiskaprezan, 3083 te enskri nan ane ki sot pase a.
- Patisipan REPRIEVE yo se yon gwoup divès: laj mwayèn nan se 49; 32% nan patisipan yo se fanm.

REPRIEVE nan Nouvèl ak nan Kominote a

Malgre peryòd rekritman prèske fini pou kèk nan souzetid yo nan REPRIEVE, gen yon nesosite pou n fè moun konnen kisa etid la ye, piske nou espere enskripsyon konplè nan etid la nan anviwon 1 an. Nou toujou ap travay di pou n asire ke nenpòt moun ki vle patisipe oswa ki vle aprann plis sou REPRIEVE jwenn enfòmasyon sou li atravè prezantasyon kominotè yo, piblisite nan magazin sou fòm alekri ak sou entènèt, ak/oswa atravè rezo sosyal yo.

Pou nou pwopaje enfòmasyon pou moun konnen kisa REPRIEVE ye, yo te ekri plizyè atik sou li ane ki sot pase:

- “Association Between HIV & CVD: Finding A Solution to Double Jeopardy”, JAMA Cardiology
- “Spotlight on #HeartHealth and People Living with HIV”, Blòg HIV.gov
- “Cardiovascular Disease: The Next Great Challenge for HIV Care”, STAT News
- “Exploring Barriers for Women in HIV Clinical Research with REPRIEVE”, The Body PRO

Konsèy pou kenbe kè a ansante!

Pran swen sante mantal ou epi asire w ke w mentni avèk zanmi ak fanmi relasyon ki bon pou sante ou. Rechèch yo demontre ke moun ki fè depresyon, moun ki izole nan sosyete a oswa moun ki pa jwenn bonjan sipò yo ka gen plis risk pou gen maladi kè. Kèk ti bagay ou ka fè ki se mezi k ap mennen w nan bon direksyon an epi ki ka ede w amelyore sante mantal ou se; patisipe nan yon gwoup sipò, ale vizite yon zanmi pou n fè pwonmad ansanm oswa rele yon manm fanmi pou fè ti pale ak li.

Patisipasyon w enpòtan!

Lè w patisipe nan REPRIEVE epi w akonpli tout vizit etid yo, ou kapab pote yon kontribisyon enpòtan nan konesans nou genyen sou VIH ak maladi kè ki ka bay avantaj k ap dire oswa pou jenerasyon w lan ak jenerasyon moun k ap viv avèk VIH yo alavni.

N ap di esponsò nou yo mèsi:

